



EDIKASYON PASYAN AK MOUN K AP BAY SWEN

Radyoterapi pou Soulaje Doulè

Enfòmasyon sa yo eksplike sa ki pral pase pandan similasyon radyoterapi pou soulaje doulè a ak tretman yo. Epitou, yo eksplike efè segondè ou ka genyen.

Radyoterapi pou soulaje doulè se yon radyoterapi ki gen pou objektif ede soulaje sentom kèk tip de kansè. Ekip radyoterapi ou a pral pale avè w sou objektif radyoterapi pou soulaje doulè ou a.

Anvan similasyon w lan

Retire aparèy yo sou po ou

Yo gendwa mete kèk aparèy sou po ou. Anvan similasyon oswa tretman w lan, kèk fabrikan aparèy konseye w retire sou ou:

- Glikomèt pèmanan (continuous glucose monitor, CGM)
- Ponp ensilin


Si w itilize youn nan sa yo, mande radyo-onkològ ou a si ou dwe retire li. Si w itilize youn, asire ou pote yon aparèy anplis pou w mete sou ou apre similasyon oswa tretman ou an.

Ou ka pa konnen fason pou w jere glikoz ou pandan aparèy ou a fèmen. Si se sa, anvan randevou w la, pale avèk pwofesyonèl swen sante k ap jere dyabèt ou a.

Pandan similasyon w lan

Similasyon (ki rele seyans planifikasyon tou) se yon demach pou planifye radyoterapi ou yo. Yo fè li pou planifye kote ou ap fè tretman an, asire w resevwa dòz (kantite) reyon ki apwopriye a, epi limite kantite reyon ki ale nan tisi ki toupre yo.

Pandan similasyon w lan, nou ka fè yon moul pou yon pati nan kò ou (gade Imaj 1 an).




Imaj 1. Egzanp moul radyoterapi

Ou pral itilize moul lan pandan similasyon ou an ak tout tretman ou yo. Moul lan pral ede w rete san bouje epi asire ke w rete nan menm pozisyon an a chak fwa. Pou fè moul la, sa ap pran anviwon 15 minit.

Sa pou atann pandan chak tretman radyasyon

Yon manm pèsònèl la ap mennen ou nan sal tretman an. Lè w rive, radyoterapet la ap resevwa w epi li ap ede w monte sou tab tretman an (gade Imaj 2 a). Li pral mete w nan pozisyon egzakteman fason ou te ye pandan similasyon w lan. Apresa, tretman w lan ap kòmanse.



Imaj 2. Egzanp machin radyoterapi

Ou ap nan sal tretman an pandan 15 a 90 minit, selon plan tretman w lan. Li ap pase pifò tan sa a nan asire li ou nan bon pozisyon an. Radyoterapet la pral fè antre soti nan sal la, men li ap kapab wè w ak tande ou pandan tout tan tretman an ap fè.

Efè segondè radyoterapi pou soulaje doule

Li posib pou w gen kèk efè segondè pandan w ap fè tretman yo oswa apre w fin fè yo. Efè segondè yo depann de ki pati nan kò w k ap resevwa tretman an.

Si w genyen ef segondè, asire w di yon moun nan ekip radyoterapi w la sa. Nou ap ede w jere yo.

Yon moun nan ekip radyoterapi w la ap koche kaz ki toupre efè segondè ou ka genyen yo pandan w ap fè tretman an oswa apre w fin fè li.

- ☐ **Anvi vomi oswa vomisman:** Anvi vomi an se lè w santi w ka vomi. Ou ka gen anv vomi, vomisman, oswa toude pandan tretman w lan. Nou kapab preskri yon medikaman kont noze pou ede evite sa. Ou pral pran medikaman an 30 minit anvan chak tretman.
- ☐ **Enflamasyon Ezofaj:** Enflamasyon Ezofaj (Ezofajit) se lè ezofaj ou (tib manje a pase) irite oubyen anfle. Li kapab fè w gen difikilte pou w vale oswa doule lè w vale. Si zòn tretman an se nan ezofaj ou, ou kapab genyen enflamasyon

ezofaj ki kòmanse 1 semèn aprè tretman w lan fini. Ezofajit la kapab dire jiska yon (1) semèn. N ap di w fason pou w jere li.

- ☐ **Chanjman nan trip:** Pandan tretman w lan, mouvman trip ou yo (poupou) kapab pi mou oubyen kapab pase pi souvan ke dabitid.
- ☐ **Reyaksyon sou po:** po ou gendwa vin wòz oswa bwonze nan apeprè 2 a 3 semèn tretman. Ofiyamezi ou ap kontinye tretman an, li ka vin wouj vif oswa fonce anpil. Epitou, ou ka santi li blanch epi ap grate ou epi li ka fè kal. Ou ka sèvi ak losyon pou po blanch (tankou Eucerin®) pou ede kenbe li idrate. Itilize krèm solèy pou pwoteje po w de reyon solèy la ap ede w tou. Reyaksyon sou po sa yo ap kòmanse amelyore tikal pa tikal apeprè 3 oswa 4 semèn apre w fin fè tretman an.
- ☐ **Epizman:** Epizman an se lè ou santi ou fatigue oswa fèb, ou pa vle fè anyen, ou pa kapab konsantre, oswa ou santi ou lan. Epizman an kapab kòmanse tou piti epi li vin grav. Ou ka santi fatig pandan oswa aprè tretman w lan, epi sa ka dire soti pandan kèlke semèn rive jiska kèlke mwa aprè tretman w lan fini. Lòt tretman w ap swiv yo ka afekte konbyen tan fatig lan ap dire.
- ☐ **Pouse doulè ak anflamasyon nan zòn kote ou ap fè tretman an:** Pouse doulè a se lè doulè a ogmante pou yon ti moman. Pandan tretman w lan, zòn k ap pran tretman an kapab vin anfle epi fè w mal. Nou kapab preskri w medikaman ki pou ede w ak sa.

Dat similasyon an: _____

Dat tretman an kòmanse: _____

Enstriksyon pou medikaman:

Pou w jwenn plis resous, ale sou www.mskcc.org/pe pou w fè rechèch nan bibliyotèk vityèl nou an.

Palliative Radiation Therapy - Last updated on February 27, 2026

Se Memorial Sloan Kettering Cancer Center ki posede ak rezève tout dwa yo